

## **BAB III**

### **MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Métode Panalungtikan**

Métode nya éta cara utama anu digunakeun pikeun ngahontal tujuan. Dina ieu panalungtikan, métode nu digunakeun nya éta métode ékspérimén, anu jadi alesanana nya éta:

- 1) sacara khas dina panalungtikan eksperimental ngagunakeun kelompok kontrol salaku gurat badag pikeun ngabandingkeun jeung kelompok anu diberé perlakuan (intervensi) dina pelaksanaanana;
- 2) dina rarancangan anu klasik, sakabéh variabel anu penting diusahakeun supaya konstan, iwal variabel perlakuan anu dihaja dimanipulasikeun atawa diberé variasi;
- 3) museurkeun usaha dina pengontrolan variasi (Suyatna, 2002:17).

Tujuanana nya éta pikeun néangan hubungan sebab-akibat, ku cara maké hiji atawa leuwih kelompok ékspériméntal, hiji atawa leuwih kondisi perlakuan ogé ngabandingkeun hasilna jeung kelompok kontrol.

Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan téh ngagunakeun métode ékspérimén pikeun ngukur kamampuh nyarita siswa maké basa Sunda saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran debat. Kamampuh nyarita siswa diukur dua kali, nya éta saméméh jeung sabada sampel panalungtikan diberé perlakuan ku cara

ngagunakeun modé'l debat. Cara ngukur kamampuh siswa anu dilakukeun saméméh dibéré perlakuan disebutna té's awal (prétés), sedengkeun té's anu dilakukeun sabada dibéré perlakuan disebutna té's ahir (postés).


Léngkah-léngkah panalungtikana nya éta:

- 1) ngumpulkeun informasi anu ngawengku nalungtik masalah anu rék ditalungtik nya éta kamampuh nyarita;
- 2) ngararancang panalungtikan, anu ngawengku: nangtukeun tujuan anu rék dihontal tina prosés diajar-ngajar, nangtukeun anu matéri pangajaran, nangtukeun modé'l jeung léngkah-léngkah pangajaran, nangtukeun alat evaluasi;
- 3) Ngijkeun modé'l pangajaran debat ku cara métode ékspérimén;
- 4) Nyusun laporan hasil panalungtikan.

### 3.2. Desain panalungtikan

Metodé ékspérimén ku cara *The randomized pretest-postest control group design* (rancangan tes awal-tes akhir kelompok control dengan sampel acak) Syamsuddin & Vismaia S (McMillan & Scumacher). Desain panalungtikana nya éta:

**Gambar 3.1  
Desain Panalungtikan**



Keterangan :

R : Nangtukeun sampel ku cara acak

A : Kelompok ékspérimén

B : Kelompok kontrol

X : Pangajaran nyarita ngagunakeun Modél Debat

01 : Tes awal dina kelompok ékspérimén

02 : Tes ahir dina kelompok ékspérimén

03 : Tes awal dina kelompok kontrol

04 : Tes ahir dina kelomkpok kontrol

### 3.3. Téhnik Panalungtikan

#### 3.3.1. Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta tés jeung observasi.

1) Tés, Tekhnik tes anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh tujuanna pikeun meunangkan data saméméh jeung sabada diberé perlakuan ka siswa dina prosés diajar-ngajar pangajaran nyarita. Biasana dina teknis téh digunakeun tés awal maksudna pikeun mikanyaho gambaran awal kamampuh siswa saméméh siswa diberé téori ngeunaan téori nyarita. Sedengkeun tés ahir dilaksanakeun pikeun mikanyaho gambaran hasil diajar siswa sabada uji coba modél pangajaran nyarita anu maké modél debat. Sabada ngumpulkeun data, tuluy ngolah data anu geus asup.

2) Observasi, nya éta pengamatan sistematis anu dilakukeun ku panalungtik pikeun meunangkeun data anu kakontrol validitas jeung realibilitasna.

### 3.3.2. Tehnik Ngolah Data

Dina téhnik ngolah data aya sababaraha hal anu kudu, dilaksanakeun nya éta:

#### 1) Méré Peunteun

Hasil prétés jeung posttést dipariksa jeung dianalisis anu satulunya ditabulasikeun, tujuanana pikeun mikanyaho rata-rata peunteun siswa, standar deviasi jeung varians tina masing-masing kelompok. Lian ti éta pikeun mikanyaho normalitas data kudu ditéangan ngagunakeun uji normalitas. Sedengkeun pikeun mikanyaho homogén henteuna variasi sampel kudu ngaliwatan uji homogénitas pikeun mikanyaho frekuensi peunteun pangajaran nyarita. Panalungtik ngadeskripsikeunana dina wangun tabel peunteun anu nyoko kana kriteria anu geus ditangtukeun.

**Tabél 3.1**  
**Kritéria Ajén**

No	Aspek nu Diajén	Tingkatan Skala
1.	Kakurangan jeung kualitas pedaran <i>(teu akurat pisan – akurat pisan)</i>	6 – 10
2.	Hubungan antara eusi nu dipedar <i>(saeutik pisan – sagemblengna aya hubungan)</i>	6 – 10
3.	Adegan basa jeung kabengharan kecap <i>(teu merenah pisan – merenah pisan)</i>	6 – 10
4.	Kalancaran <i>(teu lancar pisan – lancar pisan)</i>	6 – 10
5.	Kawajaran urutan pedaran/eusi <i>(teu normal pisan – normal)</i>	6 – 10
6.	Gaya <i>(kaku – wajar/sopan)</i>	6 – 10
	Jumlah ajen/Skor	36 - 100

Keterangan:

- TS: Teu Saluyu
- KS: Kurang Saluyu
- CS: Cukup Saluyu
- S : Saluyu
- SP : Saluyu Pisan

Ieu kriteria ajén pangajaran nyarita ngagunakeun modél debat numutkeun Haerudin (2009:60) anu disaluyukeun jeung pangabutuh dina ieu panalungtikan.

### 3.4. Nguji Sifat Data

Pikeun Ngabuktikeun hipotésis perlu ayana sipat data. Data anu diuji téh nya éta gain antara skor tés awal jeung skor tésahir. Pangna anu diuji téh gain antara skor tés awal jeung skor tés akhir lantaran ieu panalungtikan téh nyungsi perkara éfektivitas modél debat dina pangajaran nyarita upama dipaké di kelas.

Nguji sipat data diwangun ku opat léngkah gawé nya éta: 1) uji normalitas, 2) uji homogénitas, 3) uji gain, jeung 4) uji hipotésis.

#### 3.4.1. Uji Normalitas

Uji normalitas tujuanana pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa mibanda distribusi anu normal. Salaku sarat anu kudu dicumponan pikeun nguji kamampuh rata-rata, pikeun nangtukeun yén data téh mibanda sifat anu normal atawa teu normal, bisa digunakeun rumus *Chi* kuadrat ( $\chi^2$ ).

Saméméh ngagunakeun rumus *Chi* kuadrat, aya léngkah anu kudu dilaksanakeun saperti ieu di handap:

- 1) Ngitung batas-batas interval: nangtukeun rentang skor kalawan rumus  $r = \text{skor pangluhurna} - \text{skor panghandapna}$

Nangtukeun lobana kelas (K) ngagunakeun rumus:

$$K = 1 + 33 \log N$$

Nangtukeun panjangna kelas (P) ngagunakeun rumus:

$$P = \frac{r}{K}$$

- 2) Ngitung rata-rata jeung standar deviasi kalawan ngagunakeun tabel:

Interval	$F_i$	$x_i$	$x_i^2$	$f_i \cdot x_i$	$f_i \cdot x_i^2$

- 3) Pikeun ngitung rata-rata skor digunakeun rumus:

$$\bar{x} = \frac{\sum f_i \cdot x_i}{\sum f_i}$$

- 4) Ngitung standar deviasi ngagunakeun rumus:

$$SD = \sqrt{\frac{N(\sum x_i^2) - (\sum x_i)^2}{N(N-1)}}$$

- 5) Nangtukeun batas daerah kalayan ngagunakeun tabel z baku;

- 6) Néangan luas daerah nya éta selisih dua batas daerah;

- 7) Nangtukeun frekuensi anu diobservasi;

- 8) Ngitung Chi kuadrat anu rumusna:

$$\chi^2 = \frac{\sum (f_o - f_h)^2}{f_h}$$

Keterangan:

$$\chi^2 = \text{Chi}$$

$f_o$  = frekuensi observasi

$f_h$  = frekuensi anu dipiharep

- 9) Hasil tina léngkah-léngkah di luhur bisa diasupkeun kana tabel di handap:

Kelas	<i>fo</i>	Bk	Z	Z tabel	L	Fh	$x^2$
Jumlah							

- 10) Nangtukeun normal henteuna distribusi data ngaliwatan katangtuan:

$x^2_{itung} < x^2_{tabéł}$  hartina distribusi data normal,

$x^2_{itung} > x^2_{tabéł}$  hartina distribusi data teu normal Nangtukeun  $x^2_{tabéł}$  kalawan tingkat kepercayaan 99%.

### 3.4.2. Uji Homogénitas

Uji Homogénitas dilakukeun pikeun mikanyaho homogén henteuna variansi sampel tina populasi anu sarua. Pikeun nangtukeun homogén henteuna, nya éta ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

- 1) Hasil tina varians diasupkeun kana distribusi F kalawan ngagunakeun rumus:

$$F_{Hit} = \frac{S^2_b}{S^2_k}$$

- 2) Nangtukeun derajat kebebasan

$$DK = n - 1$$

- 3) Nangtukeun homogen henteuna data dumasar kana kriteria

$F_{\text{itung}} < F_{\text{tabel}}$  variansi sampel homogén,  $S^2_b = S^2_k$ , tapi upama

$F_{\text{itung}} > F_{\text{tabel}}$  kalawan tingkat kapercayaan 99%.

### 3.4.3. Uji Gain

Uji Gain dilakukeun pikeun ngabandingkeun rata-rata peunteun prétés jeung posttést di dua kelompok nya éta ékspérimén jeung kontrol. Carana sarua saperti anu geus dipedar di luhur.

### 3.4.4. Uji Hipotesis

Dina nguji hipotésis, kudu ngaliwatan léngkah-léngkah saperti:

- 1) Nyieun tabel, pikeun ngasupkeun rata-rata jeung varians hasil prétés sarta postés di unggal kelompok.

Data	N	Rata-rata	Varians
Prétés			
Postés			

- 2) Néangan t itung kalawan ngagunakeun rumus:

$$t = \frac{|x_1 - x_2|}{\sqrt{\frac{s_1^2}{N_1} + \frac{s_1^2}{N_2}}}$$

- 3) Nangtu keun uji bédha antara postés ékspérimén jeung postés kontrol ngagunakeun rumus:

$$t = \frac{|x_{\text{éksperimen}} - x_{\text{kontrol}}|}{\sqrt{\frac{SD_1^2}{N_1} + \frac{SD_2^2}{N_2}}}$$

### 3.5. Wangen Operasional

Dina prakna panalungtikan, diperlu keun keterangan-keterangan anu jéntré patali jeung obyékna. Éta keterangan téh pangpangna mah museur kana kécap-kécap anu dipaké dina judul panalungtikan. Istilah-istilah anu dipaké dina ieu panalungtikan diantarana, nya éta:

- 1) eféktivitas pangajaran nya éta cara nepikeun bahan pangajaran ngagunakeun sababaraha téhnik jeung modél, anu saeutik ngaluarkeun énérgi, sarta bisa meunangkeun hasil nu maksimal;
  - 2) modél pangajaran nya éta pamarekan ngajar atawa cara guru dina mekarkeun kagiatan siswa dina lumangsungna kagiatan diajar ngajar;
  - 3) siswa nya éta jalama anu keur guguru, anu keur diajar di sakola.
- Dina ieu panalungtikan siswa dijadikeun objék, sarana pikeun meunangkeun data ngeunaan kamampuh anu dipimilik ku manéhna, hususna dina pangajaran nyarita;

- 4) modé'l debat nya éta salah sahiji modé'l pangajaran anu bisa dipaké dina pangajaran basa.
- 5) nyarita mangrupa salah sahiji tina opat kaparigelan basa anu sipatna produktif. Nyarita téh hiji prosés nepikeun kahayang, ngébréhkeun eusi haté (sacara lisan) ti panyatur ka pangregep.

### **3.6. Populasi jeung Sampel**

#### **3.6.1. Populasi**

Populasi nya éta sumber data sagemblengna, anu mangrupa individu-individu atawa barang-barang anu jadi objék panalungtikan atawa populasi téh nya éta objék atawa subjék anu aya dina hiji wilayah jeung saluyu nyumponan sarat-sarat anu tangtu patali jeung masalah panalungtikan. Populasi aya hubunganna jeung data, lain manusia atawa objékna.

Dina ieu panalungtikan nu dijadikeun populasi nya éta siswa kelas X SMA Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2010/2011.

**Tabel 3.2  
Populasi Panalungtikan**

No	Kelas	Jumlah
1	X-1	40 siswa
2	X-2	42 siswa
3	X-3	40 siswa
4	X-4	41 siswa
<b>Jumlah</b>		163 siswa

(Sumber : Tata Usaha SMA Pasundan 3 Bandung)

### 3.6.2. Sampel

Sampel nya éta bagian tina populasi anu miboga ciri-ciri atawa kaayaan anu tangtu anu baris ditalungti.

Ieu panalungtikan téh maké teknik sampel, teknik sampel anu dipaké nya éta téknik *purposive sample* kusabab kawatesanan ku waktu, tanaga jeung dana. Jadi sampel anu dicokot ukur dua kelas nya éta kelas ékspérimén jeung kelas kontrol. Anu dijadikeun sampel dina ieu panalungtikan téh nya éta siswa kelas X-3 jeung X-4 SMA Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2010/2011.

### 3.7. Instrumén Panalungtikan

Data panalungtikan dikumpulkeun kalawan ngagunakeun instrumen anu mangrupa tés kamampuh nyarita, ngagunakeun kritéria penilaian nu ngawengku aspék:

- 1) kamampuh nyarita dina diskusi ngagunakeun modél debat;
- 2) kamampuh maham matéri diskusi (debat);
- 3) kamampuh nepikeun saran, kritik, patalékan ti kelompok anu lain;
- 4) kamampuh ngajawab patalékan dina diskusi (debat);
- 5) kamampuh mertahankeun argumén;
- 6) kamampuh nyindekkeun hasil diskusi (debat).

Sajaba ti ngagunakeun tés, data baris kapaluruh ngaliwatan téhnik observasi langsung ka kelas nalika prosés pangajaran lumangsung.

Tés dilakukeun pikeun ngumpulkeun data, nya éta pikeun ngukur kamampuh siswa nyarita dina diskusi ngagunakeun modél debat, tés anu dilaksanakeun nya éta prétés jeung postés.

1) Prétés

Prétés mangrupa tés anu mimiti, prosésna nya éta:

1. guru méré informasi heula ka siswa ngeunaan matéri diskusi;
2. guru nangtukeun hiji téma;
3. guru nitah ngadiskusikeun hiji masalah;
4. guru nitah sangkan perwakilan kelompok nepikeun kamandangna;
5. guru nyindekkeun hasil diskusi sakaligus ngaevaluasi kagiatan diajar.

2) Postés

1. guru méré informasi anu leuwih euyeub ngeunaan matéri diskusi;
2. guru ngabagi murid jadi dua kelompok debat, anu hiji kelompok pro jeung kelompok kontra;
3. guru meré tugas pikeun maca matéri anu bakal didebatkeun ku dua kelompok éta;
4. sabada réngsé maca matéri, guru nitah salah saurang anggota kelompok anu pro pikeun nyarita. Dina danget éta kénéh omonganna dibalés ku kelompok kontra. Kitu saterusna nepi ka sakabéh siswa bisa nepikeun kamandangna;

5. nalika siswa nepikeun kamandang, guru nyatetkeun inti tina ungal omongan nepi ka sajumlah ide anu dipiharep kacumponan;
6. guru nambahkeun ide atawa konsép anu can kaungkarakeun jeung;
7. tina catetan guru tadi, guru ngajak siswa nyieun kacindekkan nu nyoko kana topik nu baris dihontal;
8. guru nyindekkeun hasil diskusi sakaligus ngaevaluasi kagiatan diajar.

### 3.7.1. Tés

Tés anu digunakeun nya éta téspikeun ngaronjatkeun kamampuh nyarita basa Sunda, ieu panalungtikan ngagunakeun instrumén mangrupa format meunteun nyarita saperti dihandap.

**Tabel 3.3**  
**Kisi-kisi kriteria anu diajén**

No	Aspék anu diajén
1.	Kaakuratan jeung kualitas pedaran
2.	Hubungan eusi anu dipedar
3.	Adegan basa jeung kabeungharan kecap
4.	Kalancaran nyarita
5.	Kawajaran urutan pedaran/eusi
6.	Gaya nyarita

**Tabel 3.4**  
**Aspék Kamampuh Nyarita**

No	Aspék anu diajén	TS	KS	CS	S	SP
1.	Kaakuratan jeung kualitas pedaran: <ul style="list-style-type: none"> <li>○ matéri saluyu jeung anu ditugaskeun</li> <li>○ kacangking henteuna matéri</li> <li>○ kualitas matéri saluyu jeung anu ditugaskeun</li> </ul>					
2.	Hubungan antara eusi anu dipedar: <ul style="list-style-type: none"> <li>○ patalina eusi jeung topik</li> <li>○ eusi saluyu jeung anu ditugaskeun</li> <li>○ seukeutna sawangan</li> </ul>					
3.	Adegan basa jeung kabeungharan kecap: <ul style="list-style-type: none"> <li>○ milih kecap/diksi/kabeungharan kecap</li> <li>○ undak usuk basa merenah</li> <li>○ struktur kalimah merenah</li> <li>○ paselapna kecap tina basa Indonesia</li> <li>○ paselapna kalimah tina basa Indonesia</li> </ul>					
4.	Kalancaran: <ul style="list-style-type: none"> <li>○ wirahma/intonasi/lentong</li> <li>○ eces dina nyarita</li> <li>○ volume sora</li> </ul>					
5.	Kawajaran urutan jeung eusi: <ul style="list-style-type: none"> <li>○ sistematika medar bahan</li> <li>○ argumen saluyu jeung pedaran/eusi</li> <li>○ katepetan wacana</li> </ul>					
6.	Gaya: <ul style="list-style-type: none"> <li>○ gestur (rengkak/pasemon)</li> <li>○ gaya nyarita (arogan, sopan, wajar)</li> <li>○ ngabagi perhatian (henteu museur ka hiji titik)</li> <li>○ tampilan (gaya, kapantesan, aseksoris)</li> </ul>					

**Tabel 3.5**  
**Kritéria Ajén**

No	Aspek nu Diajén	Tingkatan Skala
1.	Kakurangan jeung kualitas pedaran ( <i>teu akurat pisan – akurat pisan</i> )	6 – 10
2.	Hubungan antara eusi nu dipedar ( <i>saeutik pisan – sagemblengna aya hubungan</i> )	6 – 10
3.	Adegan basa jeung kabengharan kecap ( <i>teu merenah pisan – merenah pisan</i> )	6 – 10
4.	Kalancaran ( <i>teu lancar pisan – lancar pisan</i> )	6 – 10
5.	Kawajaran urutan pedaran/eusi ( <i>teu normal pisan – normal</i> )	6 – 10
6.	Gaya ( <i>kaku – wajar/sopan</i> )	6 – 10
Jumlah ajen/Skor		36 - 100

Keterangan:

- TS: Teu Saluyu
- KS: Kurang Saluyu
- CS: Cukup Saluyu
- S : Saluyu
- SP : Saluyu Pisan

### 3.7.2. Observasi

Instrumén anu digunakeun nya éta pedoman observasi ieu di handap.

**Tabel 3.6**  
**Pedoman Observasi**

No	Aktifitas diajar	Éfektifitas		Keterangan
		Éfektif	Teu Éfektif	
1	Guru nepikeun matéri pangajaran nyarita dina diskusi			
2	Tés kamampuh siswa dina nyarita ( <i>prétés</i> )			
3	Guru méré conto cara-cara nyarita anu bener			
4	Tés kamampuh siswa dina nyarita ngagunakeun modél debat			

### 3.8. Prosedur Panalungtikan

Dina raraga panalungtikan, aya sawatara tahapan kagiatan anu kudu dipilampah, nya éta tahap tatahar, ngumpulkeun data, ngolah data, jeung nyusun laporan.

#### 3.8.1. Tahap Tatahar

- 1) Nyodorkeun proposal panalungtikan;
- 2) Ngayakeun seminar;
- 3) Nyusun rarancang panalungtikan;
- 4) Nyieun studi pustaka;
- 5) Nangtukeun sumber data;
- 6) Konsultasi jeung dosén pembimbing.

### **3.8.2. Tahap Ngumpulkeun Data**

- 1) Ngayakeun observasi;
- 2) Ngayakeun prétés jeung postés kamampuh nyarita siswa dina diskusi ngagunakeun modél debat;
- 3) Konsultasi jeung dosén pembimbing.

#### **3.8.2.1. Tahap Ngolah Data**

- 1) Mariksa sakabéh data anu geus dikumpulkeun;
- 2) Nganalisis data anu geus dikumpulkeun;
- 3) Ngajén kamampuh nyarita basa Sunda siswa dina diskusi ngagunakeun modél debat;
- 4) Ngadéskripsikeun data hasil panalungtikan;
- 5) Nyieun hasil panalungtikan;
- 6) Konsultasi jeung dosén pembimbing.

### **3.8.3. Tahap Nyusun Laporan**

Tahap ieu mangrupa tahap pamungkas. Nyusun laporan hasil panalungtikan mangrupa hasil ahir dina ieu panalungtikan. Dina ieu kgiatan disusun laporan ngawengku rarancangan panalungtikan, békéneran tiori, téhnik panalungtikan bahasan, jeung kacindekkan panalungtikan. Kgiatan nyusun laporan diaping ku dosén pangaping anu geus ditangtukeun. Hasil dina ieu tulisan sarta laporan hasil panalungtikan ngawujud dina wangun skripsi. Laporanana disusun sacara sistematis.